БИБЛИОТЕКА ИА «ЧЕЧЕНИНФО WWW.CHECHENINFO.RU
Библиотека Checheninfo - https://www.checheninfo.ru/bibliotekainfo

*Гацаев Сайд – Ахьмад*

# Хулхулон тогIешкахь

*(Повесть)*




***«Литературин-исбаьхьаллин журнал «ОРГА» - 2023 (2)***
***Электроннийн кеп Л. Гудаев***

Гацаев Саь1д вевзаш поэт вара, амма цо прозехь йазйина говзарш йуй ца хаьара. I973-чу шарахь арайаьллачу оцу киншкин аг1онаш листича, кхийтира иза Гацаев Сайд-Ахьмад хиларх. Повесть йешча, чог1а тайра, иза исбаьхьчу васташца къагийначу маттаца йазйина хилар. Зорбанехь арайаьлла шовзткъе итт шо даьллехь а, таханлерачу дешархочунна йеша лаам кхуллуш, шен чулацамца цуьнан дагахъ йуьсур йолуш говзар йу иза.

Нохчийн маттахь ара мел йаьлла хIума вайна ч1ог1а мехала йу. ХIунда аьлча оцу говзарца вайна довза йиш йу билггалчу заманан васт, х1етахьлера мотт, 1ер-дахаран куц-кеп.

Тхуна боккха кхаъ хилира и автор вовза а, цуьнан повесть йеша а аьтто хиларна. ТIейогIучу заманахь оцу йаздархочун кхолларалла шуьйра йовза 1алашо йу тхан. Ткъа хйнца х1окху журналан номерехь тхан аьтто бу Гацаев Сайд-Ахьмадан башхачу говзарца шуна хазахетар дан.

Цхьана доьзалера шиъ йаздархо валар доккха хIума ду. Йаздархочун дахарх дийца аьлла, оха дийхира цуьнан йо1е Гацаева Раисе. Раиса дукха хенахь дуьйна НПУ-ехь студенташна математика 1илма хьоьхуш йу. Раисас дийцарехь гучуделира Гацаев Сайд-Ахьмад поэзехь а, прозехь а, публицистикехь а къахьоьгуш хилар. Цуьнан прозехь а, публицистикехь а йазйина говзарш арайийлина газеташкахь а, журналашкахь а.

ТIейогIучу номершкахь Сайд-Ахьмадан кхолларалла йовзуьйтур йу оха шуна.

«Орга» журналан редколлеги.

# Гацаев Сайд-Ахьмадан дахаран некъ



Гацаев Сайд-Ахьмад вина 1929-чу шеран бекарг беттан 20-чу дийнахь Дишни-Веданахь. Сайд-Ахьмад доьзалехь воккхахверг волуш, ворх! бер хилла кхеран ден, ненан. Кхул жима йиъ йо1, ши к1ант. Вайн къам ц1ерадаьккхинчу хенахь, шалайина ши йо1 д1акхелхина церан доьзалехь.

Дишни-Веданарчу йуккъерчу ишколехь дешна Сайд-Ахьмада. Дишни-Веданахь Ахк олуш хи ду, йурт шина декъе йоькъуш. Йуьртахоша «Ахкал дехье», «Ахкал сехье» олу оцу шина декъах. Сайд-Ахьмадг1еран доьзал Ахкал дехьа 1аш хилла. Деша Ахкал сехьарчу т1улгийн ишколе лелаш хилла Сайд-Ахьмад. Иза дешар дукхадезаш, хааршка шовкъ йолуш хилла жимчохь дуьйна. Сайд-Ахьмад жимчохь дуьйна къахьега 1емина хилла. Шортта дахьни долуш, шайн долахь кхаш, цанаш, стоьмийн бошмаш, ирзош, шайна т!ехь б!арийн а, акха кхорийн дитташ а долуш. Церан доладеш, кхиош училище деша вохуьйту. Хьехархойн училище чекхйаьккхинчул т1аьхьа, цунна шайн ишколехь оьрсийн мотт хьеха бакъо лой, йуьхьанцарчу ишколан директор х1оттаво х1ара. 1947-г1а шо ду иза. Оцу шерашкахь йазйан волало Сайд-Ахьмад (доца дийцарш, стихаш, статьяш). Уьш газеташкахь зорбане йуьйлу. И пох1ма цуьнан ненера ду аьлла хета суна, кьахьегар дегара хиллехь а. Дукха назманаш дагахь хууш, хазачу мукьамца уьш олуш, хаза йистхилар долуш хилла цуьнан нана Жовзан. Д1акхелхаш, 90 шерал т1ехйаьлла йара иза. Нахана йезаш, массо г1уллакх т1ехь цунах дагабовлуш хилла йу Сайд-Ахьмадан нана.

Церан доьзалехь кхиболу к1ентий а хилла шайца цхьацца корматалла йолуш. Сайд-Ахьмадан жимахволу ваша Мохьмад-Эмин ц1ечу дипломца Мехкдаьттан институт чекхйаьккхина вара, шеца цхьацца корматаллаш йолуш вара: сурт дилла хууш, стихаш йазйеш, цхьацца йерш зорбане а йоьвллера, зорбане йовлаза а йу цуьнан дукхахйерш. Дечигпондар лакха массарна а хаьара. Жовзана ч1ог1а хаза мерз-пондар локхура, шен йо1аршна а 1амийнера цо иза лакха. Дала делла шатайпа

пох1ма, говзалла йолуш хилла кхеран берриг а доьзал. Дуккха а халонаш 1овшуш, дахар атта ца хиллехь а, амма нахана а, шайна а пайдехь баха хиъна царна. Къона волуш д1акхелхина Мохьмад-Эмин. Д1акхелхаш цуьнан 37 шо бен ца хилла. Церан ваша Гацаев Саь1ид а вайн махкахь вевзаш поэт, драматург а ву.

1957-чу шарахь вайн къам ц1адирзича, йуха а шен хьехархочун болх д1аболийна Сайд-Ахьмада. Вайн махкахь дахар тодала доьлча, лаккхарапартийни ишкол чекх а йаьккхина, Веданахь цхьацщанхьа куьйгалхочун белхаш до Сайд-Ахьмада. Амма берашща болу болх -ша жимчохь дуьйна бина болу, кхунна дагна уллера хета.

1969 шарахь Дишни-Веданарчу лоьмар 2 йолчу ишколе йуха а директоран дарже балха дехьаволу Сайд-Ахьмад. 1981 шо кхаччалц болх бо цо ишколехь. 1973-чу шарахь йазйина йу цуьнан «Хулхулон тог1ешкахь» ц1е йолу повесть.

Казахстанехь кхуллу цо шен доьзал. Х1усамненаца Х1азанца беркате 5 доьзалхо кхиаво, кхо йо1, ши к1ант а. Х1азан шен х1усамдена дика накъост а, г1ортор а хуьлий чекхйолу. Эсала, г1иллакхе, хьаша-да везаш, куьйгана говза йолуш, йоккха къинхьегамхо хилла Х1азан. Пхеа доьзалхочуьнга лаккхара дешар доьшуьйтий, хьанала кхиабо дас-нанас.

Шен доьзалца Ахкал сехьа ваха хуу Сайд-Ахьмад. Шена т1едиллина муьлхха а х1ума дика кхочушдарна, тешаме, къинхьегаме хиларна, Райисполкоман декъан доладархо балха д1акхойкху иза. Дика болх барна, «Къинхьегаман ветеран» мидал, дуккха а баркаллин кехаташ а ду цунна делла. 47 шо стаж йолуш, персональни пенсе вахийтира Сайд-Ахьмад. Шен к1оштахь депутат хилла а ву иза. Ша белхаш бечу заманчохь а, кхолларалин некъ 1адда ца буьтуш, цхьацца х1ума к1оштарчу газете зорбане луш, къахьегна цуо. «Зеламха Г1изларна т1елатар» повесть «Колхозан дахар» ц1е йолчу газетан аг1онаш т1ехь арайелира цуьнан. Имам Шамилх «Дни в неволе» йазйина цо оьрсийн маттахь. Иза а газетехь зорбане йелира.

«Зеламха Г1изларна т1елатар» дийцар баккхийчара дийцинчунна т1ера йазйина цуо. Кхуьнан деваша Гацаев Бетирсолта, Г1изларара банк хьучу хенахь, Зеламхица цхьаьна хилла вара. Зеламхица цхьаьна лелла вара иза. Зеламха цуьнан ненаваша хилла, Х1айкалха - Зеламханан йиша, кхеран денана хилла йу. Дуккха а йазйинарг а, пенсе вахча, йазйийр йу бохуш, дагалаьцна хилларг а дисира...

Сайд-Ахьмад, ша доьзалехь воккхахверг хиларе терра, дерриг ц1ийнан дукъ шена т1е а лаьцна, ваьхна вара, шена ма хетта кхолларалин некъ д1акхехьа к1езиг хан йара цуьнан, 1едалан, йукъаралин белхаша йерриг хан д1айоккхура. Пенси

вахча, йазйийр йу бохург кхочушхилаза дисира. Вайн махка т1ом беара. Сатийсамаш, лаамаш т1амо х1аллакбира, дахар хедира ...

Шен дерриге дахарехь гулйина, йаккхийчу говзаршна лерина документальни материалаш пайдаэцаза йисира. Цхьайерш т1амо х1аллакйира. Цхьайерш, Дада д1аваьлча, 1995-чу шарахь, ас г1ала схьайеана, к1елхьарайехира. Сайд-Ахьмадан архивехь цо гочйина: М. Лермонтовн «Бородино», А. Пушкинан «Зимний вечер» стихаш йу. Нохчийн маттахь йаздина «Шекарха», «Б1аьсте», «Куржан» ц1е йолуш дийцарш а ду цуьнан. 1991 шо кхаччалц, болх бира цуо райисполкомехь. Д1аволучу хенахь 65 шо дара цуьнан. Шен болх дукхабезаш а, берашца уьйр-марзо йолуш вара Сайд-Ахьмад. Цуьнан болх, белхан хан чекхйаьлча, д1аболуш бацара, вайгахь гуттар адам лаьттара, шайн баланашца, сингаттамашца бог1ура уьш Дада волчу. Дада даим орцахвала кийча хуьлура, йиш йу-йац аьлла ца 1аш, могашалла ца кхоош, даима кийча вара нехан г1уллакхаш кхочушдан. Нахана цунах г1уллакх а хуьлура.

Йоккха беш йу йуьртахь, 1976 шарахь Дадас д1адийна кхораш, кхиболу стоьмаш т1ехь болуш. 1аламат доккха беркат Дала схьалуш ду тахана а. Дада воцу 28 шо ду , амма х1инца а цуьнан беркат, цунна т1ера хаддаза саг1е долуш ду. Цхьацца долу 1ежийн дитташ дедевешо дийна а ду цу кертахь. Д1адохадале дийна ду уьшю. 80-90 шо хир ду церан.

Уггар луьрачу хенахь, 1995-чу шеран бекарг беттан I5 дийнахь, д1акхелхира Дада. Нохчийчохь тезет х1отто йиш йоцуш, нах гулбала, кхераме хан йара иза. Дагна лан хала дара вайна чубеана и луьра т1ом -баларш, тезеташ, къизаллаш, эрчонаш. Адамаллех, къинхетамех дуьззина долу дог иккхира. Даим нахана орцахвала кийча хилла волчу Сайд-Ахьмадан дан г1о дацара. Дагна иза дазделла хиллера. Кхин ца деттадала, сецнера дог. И д1аваьлла аьлла хезча, дуккха а нах ихира тезета. Тезетахь дуккха а наха, шайна дина диканаш хьахош, тоьшаллаш а дира. Цуьнан хилла болу дешархой, (х1инца-м баккхий нах бу уьш) цуьнца гергарло а лелош, чекхбевлла бу. Даима вайга бог1ура. Шаьш цхьа х1ума д1адолош Дадех дагабовлара. Сан хилла дешархой а цхьаьна Дадица гергарло лело лууш хуьлура. Иштта нахана беркате дахар дара Дадин дахар.

Динарг, дан луург дуккха а долуш, д1акхелхинчу Дадина Аллах1-Дала гечдойла!

***Гацаева Раиса***




## ГАЦАЕВ САЙД-АХЬМАД. ХУЛХУЛОН ТОГ1ЕШКАХЬ

1уьйранна малх г1ушлакхе хьалабелира, лаьмнийн басеш, аренаш, хотеш серла а йохуш. Цуьнан йовхачу з1аьнарша йекхначу буса таь1начу акъарешций, тог1ешций йуькъачу баца т1е диллина тхи дакъош, дайн дежийлеш т1ехь, г1ийла кхехкачу йай т1ехь санна, к1айчу 1аьнаран х1о дара г1аьттина. Малх т1аьхь-т1аьхьа къегаш, дарин бос а бетталуш, хазлуш йара аренаш. Къаьсттина хаза гора х1инцца лакхайаьллачу баца т1е кхаьчна, сутара дажа доьлла, цхьацца гуларш а хилла дохку эсий. Церан шарделла ц1ен-хьаьрса баккъаш, куьзган чохь малх санна, лепаш, догура. Эсий, чо тоха доьлча, мерз-мерза буц а кхоллуш, тог1е чу дирзира. Хин йистонца йолчу тог1е чохь, йукъ-йукъа кхуран 1индаг1 а 1уьллуш, дайн-шийла х1о

латттара, де дохделча а. Малх, ша делкъенга баьлча, «Горгачу лома» буьххьера чу хьежа белира, ткъа эсий тог1е чу гулделира.

Хьамзат, ша йоьшуш йолу книжка, ц1аьххьана бай т1е охьатесна, д1а-схьа а хьожуш, ша т1ехиъна 1ачу, малхо багийна 1аржбелла, хенан йохалла ах латттах бахана 1уьллучу чхар т1ера хьалаг1аьттира. Иза вара, дейтта-пхийтта шо хирдолуш, хьийкъина, хан йоцуш дег1 даькккхина, ала мегар долуш, к1ант.

Ирах1уттушехь, вегавелла, шен белшех кхозу к1айн гатанан куртка чхар т1е охьа а йожийна, ладуг1уш, тог1е ломехьа хьуьнах хьалакхеттачухьа а вирзина, соцунг1а хилира иза.

Цигара охьа хезаш дуткъа, эран к1езийн аз дара.

Хьамзатана дукха генавоццуш, Хулхулу чохь, докхан а, моан а коьллашна йуххе хиъна, г1аж къарзйеш вара цуьнан накъост Саь1ид.

Йерриге ойла, шен г1аж хаза хилахьара аьлла, йара Саь1идан. Цунна дика хаьара, делкъхенахь экханера эсашна цхьа а кхерам боцийла.

Эран аз т1аьхь-т1аьхьа, хьун йекош, марсадуьйлуш хетара. Тахханалц иза, эсаш йуххера а даьлла, оцу тайпана лета ца хезнера Хьамзатана. Цунах цецваьлла, ойла йора цо.

«Иштта летара-кх, толлуш, Макшерипан эр а», - дагадеара Хьамзатана. Хьамзатан ненаваша вара Макшерип. Г1еххьачу динах лур дацара цуьнан эр. Цуьнан дара Макшерипа йаханчу б1аьста Хьамзатана делла к1еза. «Сан а хир ду, Макшерипан санна, толлуш эр!» - элира Хьамзата, и далош, ша вог1уш.

- Саь1ид! Саь1ид! Ладог1ахьа! - аьлла, воккхавеш, мохь туьйхира Хьамзата накъосте. - Хьанна лета-техьа Барза?

Г1аж къарзйеш воллучу Саь1ида, бен а доцуш, жоп делира:

- Эцца моьлкъарчий хааделла хир дара цунна-м, т1улгаш т1ехь дохдала малхе девлла.

- Ца летара иза моьлкъарчашна-м! - аьлла, ломехьа хьалавелира Хьамзат.

- Мича воьду хьо? - чуьравелира Саь1ид.

- И х1ун ду, хьажа воллу-кх.

- Со а вог1у хьоьца!

- Хьо ма дика вог1у! Вайшиннан эсашка мила хьожур ву? Кхаьрца сацал хьо! Со х1инцца...

Хьуьна йуххе кхочуш, Хьамзата, саца а сецна, ладуьйг1ира. Барза х1инца а леташ дара. И лета хеззачу, ломан ирхонах хьалатасавелира иза. Амма хьуьнна т1е кхаьчча ца волура. Мокхазан шерачу экъанаш т1ехь когаш шершаш, виълар а вуьйлуш, йаккха йезара ирхо.

Т1аьххьара а цхьа гола йисира хадо. Пен санна, ирах, ала мегар долуш, шера йара иза. Цунах тасавалале, дикка сада1а дийзира. Хьамзат, хазнеха санна, к1адвинера халачу некъо. Уче санна, ломах схьайеанчу шуьйрачу экъан т1ехь, хьаьж т1ерий, б1аьргеххий хьацар д1а а доккхуш, сацавелира иза.

Г1ийз-з-з, г1ийз-з-зехь, генадоццуш ц1ийзар хезира. Ладоьг1ча, летачуьра сецначу Барзин ц1ийзар хетаделира и Хьамзатана. Цхьа х1ума-м ма ду хlара, аьлла, хьалаиккхира иза. Ша муха тосу ца хууш, и ира гола т1ехьа а тесна, хьуьн чу вуьйлира к1ант.

Барза ца хиллера хьийзош. Экханна т1аьхьадаьлла Барза хиллера иза. Хьамзат улле кхочуш тосавелла, цунна дуьхьал а хьаьдда, некха т1е когаш тоьхна, йуханехьа а дедда, ц1ийзаш, цхьана лекхачу попах хьалатасаделира ж1аьла. Попана улле а вахана, хьалахьаьжира Хьамзат. Цкъа йуьхьанца попана т1ехь б1аьрго схьалоцуш х1умма а дацара гуш.

Т1аккха, Хьамзатана герга а деана, «хьуьлла, ца го хуьна?» - бохуш санна, охьа а хиъна, хьежа Барза а делира. Поп, бохь луьста, г1ад шера, лекха бара. Хьамзата, маха лохуш санна, леррина кхерстабора попанца б1аьргаш. Эххар а буьххьерчу шалгу гона йуккъехь, хьарг1анан басахь стомма ц1ога а долуш, олладелла 1ачу жимачу экхан т1ехь севцира уьш. Шеко йацара, иза, Барзас эккхийна, попа т1е даьлла салор хиларан. Хилча х1ун дара?

Хьамзатехь, деккъа шен ши куьг доцург, х1умма дацара.

- Х1ойт, дависа, х1инца соьгахь йоцу топ! Со к1ант вацара-кх хьуна, ас хьох полла ца бича! - аьлла, вистхилира иза, салорна п1елг а ластош.

Важа, «и хьаха ду ца хуьлу» бохуш санна, шен кегий б1аьргаш керчош 1ара, шек а доцуш.

Хьамзатан цунна дан х1ума а дацара.

Салоре т1аьххьара, г1ийла б1аьргтухуш, хьала а хьаьжна, хьаьстина, Барза т1аьхьа а х1оттийна, хьуьн чуьра аравелира Хьамзат.

Ша хьалаваьллачу лора т1ехула охьавосса безам хилла, хьалха садо1уш шена дуьхьалнисйеллачу гоьла т1е а веана, охьалахвелира иза. Йуххе охьа Барза а хиира. Цунах б1аьрг буьзна вара Хьамзат. Цо, ша жима делахь а, шегахь эран амал гайтира тахана. Иза дара Хьамзата, коьрта лоруш, сатийсинарг.

- Вайшинна йуха а карор ду хьуна иза-м. Дукха дохий а ма хьийза хьо! 1а долале ас сайна топ оьцуьйтур йу. Хьо а доккха а хир ду! Т1аккха вайша дера дуьллуьйтур ду хьуна акхарошка! - аьлла, Барзин букъах куьг туьйхира Хьамзата. Оцу дешнех шиэха самукъаделира ж1аьлин.

Хьамзат 1ачу мерера д1а, керайуккъехь 1уьллуш санна, ма-йарра гуора йерриг аре. Кховдийча, куьг а кхача мега мотталора ша виначу хьомечу йуьрта: лерина хьоьжура иза беша йуккъехь долчу кир тоьхначу ц1еношка а, щуьйрачу урамашкахула лелачу кегий хетачу адамашка а. Къаьсттина алсам адамаш гора йуьртана уллехь йиначу ферме боьдучу новкъахь.

«Уьш - хьелиозархой бу» - дагадеара цунна. Хьие а ца луш, йоккха чан йелира урамехь, колхозан бажа ц1а бог1уш.

«Сан бажа... Сан рема», - велакъежира Хьамзат.

Масане эса кхиийна цо х1окху кхаа шарахь. Х1инца гурахь кхин а кхуьур ду тоьллачу х1ух, дикачу дилхалахь дерш. Маса йетт хир бу сан т1аккха бежехь?

«Со-м дешархо вара. Суна хьалхе ду колхозехь къахьега. Сайн каникулашкахь сайна ма-тов лела вай со!», - бохуш, кхерсташ ца лелара Хьамзат, ша садa1а д1ахецча.

Х1ор а аьхка колхозан эсий дажо воьдура. Цундела воккхавоьйла дара Хьамзатан шен балхах.

«Х1е-х1е-х1ей! - Хьамзат! Хьо х1ун деш ву? Х1ун карийна хьуна цигахь?» - бохуш, мохь бетта велира оцу хенахь, накъостана сагатдина, Саь1ид.

«Х1инцца-а-а! Охьавус-су-у!» - жоп луш, мохь туьйхира Хьамзата Саь1иде. Амма, хьалаволучул а хала дара, охьанехьа ван. Д1ехьабиллина ког ца соцура. Экъанна т1е йаьлла корсам, орам гомха хиларна, атта бухболура. Цкъа шаршахь, йухаметтах1оттале, цхьанхьа кхетта ваьржар вара. Саь1ида, иракарах1иттош а, хьехамаш беш а, г1о дора накъостана:

- Сих ма ло! Аьтту аг1ор билла ког, цигахь зуьгалге йу экъа. Хьожу-уш, восса!

Хьамзат лазаварна кхоьрура Саь1ид.

Чувоьссина воллуш, лег1ано-о экъа йолуш меттиг йара. Цу т1ехь шаршарна кхоьруш, лекха бол-болчуьра корсам а лоцуш, охьаоьхура иза. Ц1аьххьашха, ша т1ехь санна, берриг корсам а айбина, чутеккхира. Цуьнан ирсана санна, и экъа цхьана ц1ийнан чоьннал йолчу меттехь кхачош йара.

Лаза ванний а ца вира иза, цхьа там болуш, г1айби т1ехь санна, корсам т1ехь чу а веана, ниссачохь сецира. Амма, хьала а г1аьттина, у санна йолчу экъане йухахьаьжча, цхьа тамашена х1ума дайра цунна! Экъан т1ехь, йаздича санна, тайп-тайпана тачанаш: цхьадерг - йозанах, хьаьркех, важадерш - акхачу а, кера1амийначу а дийнатийн суьртех тера.

Дикка хьаьжча, цхьана адамаша шена т1ехь леррина къахьегна хеталора экъа.

- Маца? Хьан?

«И хаа дезаш ду» боху ойла а сецна, Саь1идана т1е веара Хьамзат. Барза шен орцахочул хьалха доьссинера охьа. Х1инца, йуьстахдаьл-даьллачу эсана а леташ, шен г1аролехь 1аш дара ж1аьла.

Саь1ид, къайллаха накъосте а хьожуш, жимачу уьрсаца, цхьацца гома хадийна чкъор нисдеш, г1ожана куцдохуш воллура. Х1инца, Хьамзатана кхерам т1ехбаьлча, и хьовзор марзделла, дагах гилгаш дуьйлура цунна.

- Цхьа а экха дисний-техьа оцу орцахь? Вай майрра лела мегар ду х1окхул т1аьхьа кхузахь! Ворхl ломал дехьа даьлла хир ду массо экха!

Хьамзат, хьажа йуккъе шад а х1уттуш, вистхилира:

- Хьо велахь а, Барзас, цхьа т1еман олхазар доцчунна, дуьне-м гатдийр ду царна, ша жимма доккха хилахь. Хуур дара хьуна, цо попа т1е тесна салор дайнехь! Тiе, хьуна ма моьтту, эрна вахана а ца хиллера со оцу орцах!

- Хаьа суна-м, дехкашна тебачу салорна т1аьхьаваьлла хьо леллий! -1оьттира йуха а Саь1ида. Хьамзат, шена ца хезначуха, накъостана хала ца хетийта, сацавелира, вист ца хуьлуш.

Суьйренца эсий, дикка са а даь1на, хьалаг1евттина, дажа дуьйладелира. К1едичех цхьа наггахь дерг-м х1инца а дара 1илла лууш. Уьш а, шина 1уьно, маьхьарий а тоьхна, хьалаг1овттийра.

Малх, чубуза гергабахана, ц1ийлуш, охьалахбелира. Эсий, дуьзна, туьппалгаш санна а хилла, ц1ехьа сатесна, новкъа охьадаьккира.

Саь1ид, шен г1уллакхаш чекхдевлча, Хьамзатана уллехьа а г1ерташ, хеттаршка велира:

- Хьайн десара дийца, Хьамзат, хьайна гинарг!

Хьамзат, ц1а лахка безам болуш, эсий т1егоргдеш вара. Цунна, г1о деш, шен къорза г1аж а ловзош, эсашна гуонаха Саь1ид а хьийзара.

Цкъачунна, къамеле вала ца кхиавора и шиъ. Эсий новкъа девлча, Хьамзата доцца дийцира шена дайнарш.

Х1умма а ца гиначу Саь1идана дагахьбаллам хилира, Хьамзатаца ша цавахарна.

- Т1аккха воьдуш, оьш-оьшург а эцна, цхьаьна г1ур ву вайша, - аьлла, барт хилира цаьршиннан.

Йуьрта йуххе кхаьчча, эсий, ловза а ловзуш, ида дуьйлира. Суьйранна шайна лучу шуьре сатесна хир дара цара.

Шина 1уьнан а дийзира болар эца.

Шен хеннахь т1аьхьа ца кхиъча, цхьаъ вукхунах къаьста хала эсий, меттигашкахь кега а лой, хала хуьлура фермехь д1анисдан. Делахь а техкина шайн-шайн ц1ераш йара церан: «Дебей», «Седей», иштта кхин а, х1оранна а, дика йевзаш. Цкъа а ца тилалора ши к1ант, уьш дог1-дог1учу д1атардеш. Эсий лаьттийлаш хаза ц1ена хуьлура. Цу техь кхачам хилар ч1ог1а лардора Хьамзата. Массо а к1аре хьожуш, чекх а волуш, шен-шен метте уьш д1а а нисдой, кегийчу нойш чу а йуттуш, дукха хан йоцуш йаьккхина, шелйина шура мало вулура иза эсашна. Саь1ид, шелйан х1оттийнчуьра, шура т1екхоьхьуш вара.

Оцу т1ехь белхан де чекхделира.

Хьамзат ц!а кхочуш, йекхайелла, дуьхьалйелира цуьнан нана Маржан.

Тахана, цхьа х1ума хилча санна, г1ийла хийтира цунна к1ант.

- Муха чекхдели де? Могуш дарий эсий?

Хьамзата, цуьнан дагара хууш, вела а велла, жоп делира: «Ма кхера хьо, нана! Де дика чекхдели! Сингаттам болуш х1ума дац! Цхьабакъду, Барзас шен мехалалла-м гайти суна. Дуьне марздинера кхуо тахана салорана. Дика эр хир ду кхуьнах! Ткъа важадерг - ас т1аьхьа дуьйцур ду хьуна. Дагахь доллучуьра цхьа дехар дайтахьа хьайга, нана?»

- Дехьа, дукхавахарг!

- 1а дуолале, цхьа топ эцахьа суна! Таллархочунна эраца топ ма оьшу!

Хьамзатан цхьадолу лаарш генадовлале д1адерзош йолу нана ойлане

хилира эццахь. Цхьаболчу нанойн амал къобал ца йора Маржана. Дикачух а, вочух а доьзалхо кхето хууш йара иза.

Ойла йина-а, жоп делира нанас к1антана:

- Дика ду, со цкъа Маких дагайер йу. Цуьнга хьан Барза а 1амадойтур ду вай талла. Топ-м хала йац. Ас, хьо талла 1емичахьана, оьцур йу! Кхочушхуьлий т1аккха хьан дехар?

- Хуьлу! Муха ца хуьлу?! - ненан аларх кхаъ хилла, Маржанна маракхийтира Хьамзат.

Д1аэхара денош.

Денна кханенаш йохку ши к1ант, х1инца а вахаза вара т1ехь йозанаш долу экъа йолчу. Нахалахь «Хан тоьхна гола» ц1е йара и 1уьллучу меттиган,

Макшерипа дийцарехь, дукха хьалха заманашкахь йазйина хиллачух тера дара иза. Цо шен дендега йийцийтина, цуьнга шел хьалхарчара хьехийна, кхеран ворх1е а дегара охьайог1ура цуьнан ширалла.

- Хьалха заманахь, эрг1истой ц1е а йолуш, цхьа къам даьхначух тера ду кхузарчу меттигашкахь. Цаьрца Мохк къуьйсуш, дуьххьара Шотойн лаьмнашкара йеанчу цхьана жимачу нохчийн тобано, т1амца шега царна х1ума далурдацарх кхетча, цхьацца х1илланашца бовдийтинчух тера ду уьш х1окху махкара, - бохуш, дийцира Макшерипа, и экъа йазйар цу тобано диначу х1илланех цхьаъ хетарера тидамаш а лоьцуш.

Цу дийцарца доьзча, экъа цхьа къайле шеца йолуш йара. Цуьнан ойла йора шина к1анта тахана а, «мила кхуьур вара-техьа цуьнан дуьхе» бохург дагахь а долуш.

Де, цхьа 1у воцу жа санна, йаьржина мархаш а йолуш, тевназа аьхна дара.

Хьамзат, Саь1ид, бай т1е а хиъна, хабар тасаделла воллура. Генадоццуш дежаш долчу эсашна хьалха хиъна, сема Барза а 1ара.

- Стенга хьоьжу вайшиъ? Со-м вац хьан дагахь долчух кхеташ? Дийцахьа, х1ун ду вайшинна новкъарло йийриг? - бохуш, хаттарш дора Саь1ида.

- Саь1ид! - аьлла, эххар а вистхилира Хьамзат, ладоьг1на-а. - Вайша, дукха сихвелла, цигахь кхочушдан х1умма а дац. Парг1атехь г1ор вайша цига бохуш, 1ара со-м. Цу доллучу т1е, ас Маржанна дош ма делла, «Хан тоьхначу гоьла т1е» Макшерипца бен г1ур вац аьлла. Ткъа иза х1окху деношкахь кхуьуш вац. Колхозан цхьа г1ишло йечохь болх беш ву иза. И йина йаьлча бен, цуьнан цхьанхьа волийла дац. - Йуха, сецна-а, т1етуьйхира цо: - Хьуна иштта сиха цига ваха лаахь, со сарахь Маких кхетар ву. Т1аккха цхьаъ дер вайша!

Дешан маь1на сиха дечу Саь1ида йуха а, резавоцуш, эккхийтира: «Цуьнга хьоьжуш ваьлла вайшиъ-м х1окху хене а. Х1ета 1ийр ву-кх вайша, аьхке д1айаллалц!»

Оцу дешнаша т1аьххьара а карзахваьккхира Хьамзат.

- Дика ду! - элира цо, сацам боллуш. - Со-м делла дош ца дохо г1ертара. Делахь, кхана г1ур ву вайша цига! Къайлаха бан беза кечам. Хиъча, вохуьйтур вац вайша, охьа а хецавелла, цхьанхьа лазорна кхоьруш.

Хила беза кечам бийцаре а бина, дан леринарг билгалдира цаьршимма. Карахь, т1ехь а йахьа йезарг билгалйаьккхира. Новкъавалар, - малх кхетале, синбилгало йолуш, массо а вижина волуш, хилийтар сецира.

Суьйранна, 1аржйелча, жомг1а а, бел а, лами бан г1ожмаш а, машшаш а эцна, эвлан йисте а вахана, уьш йараш йуккъехь къалайехира. Цигара ц1а веъча, чохь йовха йу аьлла, бехказло хьовзийна, и шиъ, уча мотт биллина, охьавижира. Шаьшшинца дахьа тетрадь, къолам диллира г1евланга.

1уьйранна Саь1ид велира хьалха сама. К1уртийсича санна, марха а йолуш лаьтта стигал серлайала йоьллера, седарчий нилха а девлла.

- Самавала! - аьлла, белшах муьшка йира Саь1ида накъостана. Хьамзата хьем ца бира самаволуш. Ша б1аьргаш боьллушехь, стигала хьала а хьаьжна, садаьржаш гича - «Кечло! - олуш, хьала а г1аьттина, т1е х1ума йуха сихвелира иза. К1адо Саь1ида а ца йира. Халла хезаш, вовшашка луьйш, кеч а велла, байбеш ког буьллуш, лечкъина кех а ваьлла, шаьшшиммо эвлан йисте баькхина некъан г1ирс схьа а эцна, дуьхь-дуьхьале лоьцуш, йум ийцира шина к1анта. Кху шинна ца гуш, т1аьхьатасаделла Барза а доьдура.

Лома йуххе х1ара шиъ кхочуш, йайн ц1ийелла малхбале серлайелира. Сихо йечохь дара г1уллакх.

Хьамзат, цхьацца ког а буьллуш, наггахь йуха хьожий, накъосте вист а хуьлуш, ирханехьа хьалавоьдура ирхох. Йуьхьенца къар ца луш, шен ма-хуьллу т1аьхьа г1ертара Сaь1ид. Иштта д1аоьхуш, ирхо шарлучу кхечира х1орш. Кхузара хьала, текхний бен, ког баккхалур бацара.

Саь1идан т1аьхьависа дийзира. Хьамзат шен карарчу цхьана белаца, кхиболу г1ирс Саь1идехь битина, хьалатаь1ира, бел летачохь ког таса киртиг йоккхуш, шерачохь виълар текхаш, сих-сиха Саь1иде муш кхуссуьйтуш, цуьнца шайн г1ирс хьала а оьцуш. Цунах г1о хуьлуш, т1аьхьа Саь1ид а г1ертара.

Кхоч-кхочуш, экъан т1е кхечира ши «турист».

- Гой хьуна? - элира Хьамзата накъосте, къаьсташ долчу йозанна т1е п1елг а хьажош.

Корсам д1айаьллачу экъан т1ехь сацавала хала хир дара. Иза хууш беанера кху шимма лами бан г1ирс: ши г1аж а, машшаш а, жоммаг1а а. Хьамзата, сихха жоммаг1ица г1ожмашна киртигаш а йаьхна, т1ег1анийн метта муш а боьхкуш, лами бира.

Пен санначу берда т1ехь лами то а бина, дика д1а а х1оттийна, экъан т1ера йоза схьаэца шаьшшиъ кечлуш, ирхонах хьаьлаг1ертачу Барзех б1аьрг кхийтира шина к1ентан. Биллинчохь ког ца соцуш, чутекхаш, хьала ца кхачалора иза.

- Дало ц1а г1о! - аьлла, д1адахийта дагахь, човхийра Саь1ида ж1аьла.

Амма ц1а г1о бохург цу човхорах х1инца цкъа Барзица хир долуш дацара.

Мичхьа биллича бакъахьа дара-те ша ког бохуш санна, хьаладоладала аьтто лоьхуш, д1асхьауьдура иза.

Хулхулон басеш гуттар къагош, х1инца дуьнен чу йаьржира маьлхан з1аьнарш. Ламанца шийла хlо а ловзош, тайна, хаза йара 1уьйре.

- Со валлалц, ахь лами сацабе! - аьлла, Саь1ид бухахь а витина, хьала а ваьлла, экъан т1ера йозанаш схьаэца х1оьттира Хьамзат.

Иза къолам буйнахь лелаш вара. Цхьа а зарал тидамза ца йуьтуш, тетрада т1е йаьккхира цо экъа. Ша ма-йарра. Ша ваьлча, леррина йозане б1аьргтоха лами т1е Саь1ид валийтира цо.

- Вайшиъ гурахь школе вахча, дийца хlара башха х1ума ду, - аьлла, шена дайначух тамаша беш, охьавоьссира иза экъан т1ера.

Йуха, шаьшшимма ц1а бахьа беза г1ирс д1а а хьарчийна, д1аваха новкъавелира. Хlара шиъ йуьрта кхочуш, балха даха арадуьйлуш дара адамаш. Йуьртаца генна арахь бежаш гора колхозан бажа а. Эсий арадоху хан а т1екхаьчнера.

Хьамзат, Саь1ид меттахь ца карийча, сел 1уьйрре и шиъ ловза вахана моьттуш, довдан кечйелла йара Маржан.

Нана чуьрайерйуй хууш, ч1ог1а кхоьруш, керта веара ши к1ант. Цаьршиннан ирсана санна, т1аьххье керта Макшерип кхечира.

Маржанан багах дош далале, вистхилира иза:

- Кхаьршинна дов ма делахь! Со цхьаьнаволуш санна, чакхдаьллий хаьа суна кхаьршиннан г1уллакх. Даймохк безна ца 1аш, бовза а лаьа кегийрхошна! Суна хаавелира хlара шиъ, эвлах волуш. Ц1а ван хьевелла меттиг хилахь, т1аьхьа г1ор-кх аьлла, д1авахийтира. Хlара шиъ, цхьадика ц1акхечи! Со реза ву кху шинна! - белшаш йегийра цо, Маржанна хьалха воьхна хеталучу шина «туристан». Х1азарш деш хьийзара, г1аддахана, хьесталучу Барзин ц1ога.

- Ой, хьо а даханера кхаьрца?! - аьлла, к1езана т1евирзира Макшерип. Хьажал цуьнан сирлачу б1аьргашка! И стаммий меженаш! Хьо-м борз йу, хьуо ма йарра! Тоьар ду кхуьнан кхабар! 1амо деза хан х1уттуш лаьтта кхуьнан. Со кестта болх бина волу, т1аккха хьовсур ду вай кхуьнах х1ун хуьлу!

Хьамзатан йуьхь йекхайелира, Макшерипа аьлларг хазахетта.

Маржан а оьг1азйахархи йастайелира.

- Вало, х1ума йаа шиммо а! Де долу! Эсий а хир ду дажа даха сиха...

Йуххе г1ертара гуьйре.

Дика кхиъна дог1ура эсий. Кегийчу г1абакхийн т1емех тера ма1аш а йевлла, эсийн ларданера довлуш дара уьш.

Хьамзат воккхавийна а ца волура, дуьххьара шена «Элан» б1аьштиг т1ехь, чуьппалгаш санна, ма1анийн йуьхьигаш тосайелча.

Воккхачу 1уьне эсий д1адала деза хан йара гергаг!ертарг. Дика дакъа дара иза колхозехь. Цхьаьнна а хир дацара кхин хьийкъиний, тоделлий эсий. Цундела самукъадолура Хьамзатан т1екхочуш лаьттачу гуьйренах. Цуьнца цхьаьна дагайог1ура школе воьду хан а. Аьхкано шена к1езиг байна дешаран накъостий rape сатеснера цо. Каникулаш д1айуьйлайелча, экскурсешкий, колхозашкий д1асабекъабеллера берриш а.

Керлачу дешаран шарахь вовшахкхетча, дийца х1уманаш 1аь1на хир дара х1ораннан а. Ша дуьххьара школе воьду де дагадеача, Барзина т1ехь соцура Хьамзатан ойла. Цунна дика хаьара, ша цунах лаьцна дийцича, берашна хазахетар дуйла.

Барзех х1инца цхьаммо а к1еза эр дацара. Доккха эр хиллера цуьнах. Массо меже а йуьзна, ницкъ боьссинера цуьнан дег1е. Хьамзатана т1аьхьа г1оьртий, наггахь з1е хадош, дихкинчуьра хеца а лой, хьуьнах талла даха г1ертара иза. Амма Хьамзата, хьостий, схьа а лоций, д1адоьхкура.

Макшерип гучу ца волуш, дикка денош д1адевллера. Цхьана 1уьйранна Хьамзат х1ума йаа охьахууш, веана, не1арге х1оьттира иза.

Цуьнах б1аьрг ма кхийтти, Макшерип Барзега хьажархьама веана хийтира Хьамзатана.

И бакъ хилар билгалделира, цуьнан хаттарш ма-хеззи:

- Сахьийзадой Барзас? Дукха дарста-м ца дина ахь иза? Дерстича, ловзар бен, кхин хума дагахь ца хуьлу эрана! Хьажийтал со цуьнга.

- Цхьа к1ира а ду, ас цунна дуззалц доьша ца лун-м, вайша кесталг1а талла водахь а бохуш, - элира Хьамзата, Макшерипана хьалха а волуш.

Делахь, хьаха веза вайшиъ цо пхьагал муха лоцу хьажа олуш, Барзех б1аьргтоха, Хьамзатана т1аьхьа аравелира Макшерип.

Эццахь барт хилира цаьршиннан, дуьххьара тахана Барза «талла» арадаккха.

Шаьшшинца Барза а эцна, эвлан йисте вахара хкра шиъ. Цо дан дезачух лаьцна Макшерипа хьехар дира Хьамзатана. И кхочушдеш, цхьана йеа-пхеа минотана йуьстах а ваьлла, Макшерипа лелориг Барзина ца гойтуш, дуьхьал а ваьлла, иза ледеш, хьестаран суртх1иттош, лаьттара Хьамзат.

Оцу хенахь Макшерип, бацах йуьзна пхьагалан ц1ока шерачу охьа а йиллина, цуьнах теснач т1ерган йуьхьиг буйна а йоьллина, цхьана к1аг чу д1алечкъира.

Иза къайла ма-велли, Барзина йуххера д1а а ваьлла «Ссуь! Ма йухийталахь, Барза!» - аьлла, мохь туьйхира Хьамзата.

Оцу дешнаша меттахдаькккхина Барза, ша долччохь тоха а делла, ши лерг дусийна, соцунг1а хилира цхьана минотана. Йуха, бай т1ехула йедда йоьду «пхьагал» а гина, б1аьрг-нег1ара тухучу йукъана шозза-кхузза кхоссаделла, цунна т1аьхьа а кхиъна, иза хьекхо дуьйлира Барза.

Кхин хазахетар ца дисира Хьамзате дан. Ша волччохь кхоссалора иза, воккхавеш.

- Иштта хила деза эр! Ирс долуш хилла хьо, Хьамзат! - аьлла, т1ехьаьдда, Барзера пхьагалан ц1ока схьа а йаькккхина, цунна жижиган т1ус тесира Мак- шерипа.

- Вон ца йолий Барзас йуьхь-м, Хьамзат. Цхьаьна да1ам лаца г1ур ву вайша кхуьнца. Нагахь х1ара цигахь а иштта майра хилахь, кхуьнца муьлххачу а экханна т1аьхьавала мегар ду. Майралла йу эрехь коьртаниг, - бохуш, къамелевелира Макшерип.

- Ткъа т1ах-аьлла хилар?

- Изий, ницкъий-м хьала а, охьа а оьший-ца!

И де, Хьамзатана чекх муха дели а ца хууш, сиха чекхделира. Иза ойланашка оьхуьйтура кхана дог1учу дийно. Дийначу экханна дуьхьалх1оьттича, Барзас б1окъажорна кхоьрура. Буьйса а наб йоцуш йоьдура. Сих-сиха аравуьйлуш, Барзина гуобохура Хьамзата: «Ледара ма хилалахь! Эхь ду хьуна вайшинна!» - бохуш, эр хьеста а хьоьстуш.

К1ант иштта саготту волуш, Маржан а йацара набкхеташ. Делахь а, иза шен хенна д1а ца вижча, оьг1аз а йахана, т1ечевхира нана:

- Хьо тховса д1авижа дагахь а вуй? Сахиллалц, иштта лела-м ца воллу хьо?

1уьйранна, Хьамзат самаволуш, Барза лета хезара.

- Хьо самаваьллий? - аьлла, к1анте хаьттира Маржана. - Ч1ог1а карзахдаьлла ма ду Барза тахана-м. Садаржа доьлчахьана, иштта леташ, ц1ийзаш а ду-кх иза. Вало, ас йуург охьайуьллушехь, хьастий, саца мукъане а дел иза. Эсашна т1аьхьавоьду хан а йоллу хьан хуьлуш.

Хьамзат цец ца ваьллера Барза летарх, шена иза мича бахьанина лиэта хаьа дела. Селхана санна, ша талла дигаре сатеснера цо. Цу т1е, сарахь дузоза, меца а дара иза.

Хьамзат араваьлча, кхин т1е а карзахделира Барза. Хьаьстича а, г1уллакх ца хуьлура. Оччухара дала г^таш, т1ехьарчу когаш т1е а х1уьттуш, д1адетталора. Кхин иза саца а ца тигна, к1ари чу доьллира Хьамзата...

Делкъана Хьамзат х1ума йаа веача, Маржана элира: «Сихха х1ума а йаий, Барзица Маки волчу г1уо, хьоьга хьоьжуш 1ийр ву ша аьлла цо. Со Нур йу Саь1идаца эсий дажо».

Хьамзат, кхин х1ума йууш ца 1аш, цкъа-шозза мижарг а кхаьллина, араиккхира.

Макшерип кийчча 1аш хиллера. Хьамзат Барзица уьйт1а кхочуш, коча тесна шалгуон топ а, йукъах г1ап а йолуш, араваьлла, шен буьйнара таллархочун ижу чутосу бой Хьамзате а кховдош, вистхилира иза: «Эхь ду-кх Барзина, вайшинга цо х1ара йаьсса ц1а йаийтахь», - аьлла.

Макшерип хьалха а волуш, новкъавелира жима ши таллархо. Эвлах ваьлчахьана, бехачу лома йуххе кхаччалц д1айоьдура колхозан хьаьжк1аш йийна аре. Ломана гергахьуо йолчу майданашка буьйсанна хьаьжк1аш йаа марзделлера цхьа ши да1ам. Церан меттамотт мичхьа бу хаьара Макшерипана. Цига ваха новкъаваьллера и шиъ. Хьаьжк1ашна гуотесна, хьаьвзина ваха везаш бара некъ. Шарал бахбелира иза Хьамзатана. Цунна лаьара, сихха кхочучу д1а а кхаьчна, Барзас да1ам лоцуш ган. Дозаллица хьоьжура иза, ша хала йухаийзош, сецош, далочу Барзега. Цо, корта а ойбий, д1асахьийсо сирла б1аьргаш цкъа т1ех1иттина экха гена г1уриг цахиларх х1инца тешара Хьамзат.

Лекхачу ломах охьадог1уш, текхна басенаш а йолуш, цхьа дукъ дара.

Оцунах хьала, и шиъ леташ, деана, нисса хьалха, итт-пхийтта метр бен гена хир доцуш, лу х1оьттира схьа.

Ц1аьххьана адамаш гича, доьхна, ша долччохь когаш а бетташ, д1аэккха дага ца дог1уш, детталора иза.

Иза кхеро, Макшерип топ кхосса дагахь хилира. Йуха а, ца кхуссуш, топ охьа а йерзийна, вела а велла, вистхилира иза цуьнга: «Д1адада сихха, тхоьца Барза дуй ца хаьа хьуна?»

Шен ц1е йоккху ма-хеззинехь, ц1аьххьана д1акхоссаделла Барза Хьамзатан карараделира. Эцца т1екхеттачу Макшерипа иза, катоьхна, схьалецира. Оцу минотехь лу-м, мох санна, къайладелира.

Барза, иза экха дуй а ца хууш, йуьхьанца цунна т1е ца кхоссалуш 1ийра. Ткъа лу х1инцца диначу ц1ечу эсах тера дара, д1адаккха х1ума доцуш...

Ши таллархо цигара жимма дукъаца хьалавелира. Дукха лакха и шиъ валале, цуьнан басенашца д1адоьрзуш цхьа некъан гечо дара. Цу т1ехула д1а а вахана, цхьана т1улган ринжина йуххехь сецира хlара шиъ.

- X1инца хуур ду-кх вайшинна, Хьамзат, Барза муха пхьу ду! - аьлла, шегара топ ринжица д1а а х1оттийна, ваба а г1ортийна, ринжица лаьтта цхьа экъа схьахерйира Макшерипа. Г1еххьа, бертал а воьжна, стаг чувалалур волуш, хьех гира Хьамзатана.

«Х1окху чохь йу-кх хьуна, Хьамзат, и гаур. Нагахь Барзас, чу а даьлла, аратасахь, вайшиннан карахь а хир йолуш. Кочара з1е д1а а йоккхуш, кечдел хьайна иза, ас лелориг ца гойтуш, дуьхьал а х1отта. Иза хьеха чу даьндолу амал йан воллу со».

Макшерипа, ша леррина оцу г1уллакхна деана жижиган дакъош тесира хьехан берте а, чу а. Йуха, Хьамзате хьехан берте а даладайтина, д1ахецийтира Барза.

Селхана дуьйна дуучух бат тохазчу Барзина, хьехан берте ма-кхеччи, жижиган хьожа кхийтира.

Лаьттаца-а, хьожа йоккхуш, жижиган дакъошна т1аьххье хьехан чоьхьа делира иза.

- Х1инца ладуг1уш хила хьо, Хьамзат! - аьлла, шен кара ваба а эцна, хьехан берте д1ах1оьттира Макшерип. Ши-кхо минот хан йаьллера, Барза хьеха чу даьллачул т1аьхьа... Х1инццалц схьа йа «хьап» а, йа «1анц1» а дацара Барзин схьахезаш.

Макшерипана а г1еххьа дага х1уманаш даьхкира оцу хенахь:

«Йуьхь1аьржах1уттуш ца воллу со Хьамзатана хьалха? Кхечухьашхула арайолийла хилла-те цуьнан?» - хаттарш дора цо ша-шега.

Хьамзат а вацара ойланаш ца йеш.

«Хи буха дахча санна, т1ап-аьлла, д1а ма дай иза-м!» - делира цуьнгара, кхин са а ца тохаделла.

Оцу хенахь хьеха чохь Барзас г1иг1-г1-г1! - олуш санна, хетаделира Макшерипана.

- Са-ц! - аьлла, Хьамзате куьг а ластош, хьеха берте охьалахвелира иза. -Моха йеш ду! Г1иг1 ду хезаш!

Цул т1аьхьа г1алх-г1алх аьлла, латар а долуш, хьаьрчира Барза хьеха чохь. Дап-дип, бохуш татанаш хезара х1инца цу чуьра. Дукха хан йалале дур деара берте.

Вортанах кхозаделла Барза а долуш, мелачу ц1ийх а йуьзна арайедда йог1ура да1ам. Хьехан бертехь, иза араэккхашехь, Макшерипа, ласттийна, коьртах ваба туьйхира цунна. Цо тентагйаьккхина, охьайуьйжира да1ам.

Иза охьайожарх д1адала доллуш дацара Барза. Ворта д1а ца хоьцуш, буьрка санна, керчайора цо да1ам.

Вела а воьлуш, хьоьжуш лаьттара ши таллархо Барзас лелочуьнга.

- Х1инца тоьар ду! Сацадел х1ара, ас кхунна урс хьоккхушехь! - аьлла, да1амна т1е х1оьттира Макшерип.

- Гой хьуна, эр хилла даьлла Барзех! Х1умма а вон дуй, дуьххьара лаьцна экха?! Тховса дика кхаба мегар ду Барза, - бохуш, да1ам тилийна а ваьлла, йерриге меженаш йуха ц1оки чу а йерзира Макшерипа.

Хьамзатанлер сецнера, хазахетта. Хьалха шаьшшинна лу т1е1оттаделлачу кхаьчча бен, вист ца хилира иза.

- Маки! - элира цо, шаьшшиъ цига кхочуш, - Барза оцу луна чукхоссаделча, иза саца х1унда дира ахь? Вайшимма иза а дийна хиллехь, кхин а дукха хир дара вайн жижиг.

- Лунаш к1езиг ду вайн махкахь, Хьамзат. Цул сов, шен са ч1ог1а дезаш экха а ду лу. Барзига иза лацалур дацара. Цунна т1аьхьадалийтинехь, тховса а вайшиннах схьакхетар дацара эр. Ткъа вайшинна да1ам лаьцча тоьлуш дара, йерстана йатт1а йоллу и пекъар лела а дитина.

Ши таллархо ц1а кхечира. Йоккхайеш, дуьхьал а йаьлла, маравоьллира Маржана к1ант. Лула-кертара бераш а, баккхийнаш а баьхкира сирачу да1аман ц1окане а, жижиге а б1аьргтоха.

Суьйранна, массо д1а а вирзина, шаьш дисча, хьехар дира Маржана к1антана:

- Дика хета суна, хьо талла 1емаш. Иччархо санна, топ нийса тоха 1ама веза. Гуьйре йоьлча, дала дезачу эсий д1аделла ваьлла, сих-сиха хир йу хьан талла воьдийла. Цкъа х1инца эсий ду ахь 1уналла деш, церан тергойар а, тидамбар а хьуна

т1ехь ду. Дикачу ц1арца чекхдаккха деза ахь и хьайн декхар, кхидерг т1аьхьа а теттина...

Т1екхечира дукха сатийсина синкъераме де! Делахь а, жим-т1ама саготту вара Хьамзат. Иштта г1ийла к1ант хиларо даккхий синош дохуьйтура Маржане а.

Тахана Хьамзата а, Саь1ида а воккхучу 1уьне эсий д1ало де дара. Цу т1е, уьш д1алучохь хир волуш председатель а вара,

«Х1ан-х1а, вон х1умма а лорур дац! Тхаьшшиннан ницкъ ма-кхоччу, эсий дика кхио г1иртина тхойшиъ», - бохуш ойланаш йора Хьамзата а, Саь1ида а. Х1етте а, дог парг1атдаьлла, са ца къералора.

Шуьйрачу дохнан кертахь д1ах1оьттина бара эсийн бажа. Дилханна горгделла церан баккъаш, чо баьккхича, хьакхар а дер долуш дара. Цхьаъ вукхуьнах къасталурдоцуш, хьийкъина, таза, дика 1уналла деш, кхиийна дара эсий.

Амма колхозан воккха 1у Бок1у лерина хьоьжура эсашка: б1аьргаш, лергаш, цергаш, ма1анийн йуьхьигаш - и дуьхе ца воьдуш х1ума ца дисира.

Йуха, букъа йуккъе куьг а те1ош, когийн ницкъ зиен вулура иза...

Т1аьххьара а, эсашка хьаьжна ваьлча, шен 1аьржа ши мекх а тодина, вистхилира: «Хьамзат, Саь1ид стохка дика кхиъна дара шуьшиннан эсий, ткъа х1окху шара...» «Х1окху шара» - аьллачохь, соцунг1а а хилла, цигаьрка а, сирник а йаккха кисана кхевдира иза.

Хьамзат, 1адийча санна, лаьттара. Саь1ид, корта охьа а бахийтина, г1ожаца лаьттахь сизаш дан волавелира. Эсий д1алучу хьажа веанчу Макшерипана хьалхенгахь ца йог1учу кепара йовхарш йаьхкира.

Бок1ус, цигаьрка а латийна, парг1ат шен дош чекхдаьккхира: «Х1окху шара, стохкачул а дика хета суна шун эсий. Дилханна а, дог1машна а тоьлаш ду х1орш стохкалерачел. Со реза ву, Хьамзат, хьуна а, Саь1идана а!»

Эццахь вистхилаза ца 1авелира Макшерип: «Бакълоь хьо, Бок1у! Аьлхан т1ехь долу зингат стигалара хьаьжча а къаьста, боху, лечанна. Оцул а хала ду дикачух

тоьлашдерг къасто. Хьуо дохнаца кхиъна хиларе терра, хьайн б1аьргаш сирла дуйла хаийти ахь тхуна», - аьлла.

Йуха, председатель волчухьа а вирзина, т1етуьйхира цо: «Воккхачо а йийр йац дохнан терго кхин дика. Аьхка малх бохбелча, эсий к1ел х1итто, дика кертан го а баьхьна, т1е шач а тухуш, беда бира кхаьршимма Хулхулон дежийлашкахь. Эсий экам ца кхиорхьама, шелйиний бен ца малайора царна шура. И шелйан оьрнаш а, шаьшшиъ дага а ваьлла, дехира. Иштта ши 1у ву хlара шиъ. Резахила мегар ду шина к1антана!» -аьлла, цаьршиннах дозалла деш, массаьрга а д1асахьаьжира иза.

- Дийца а ца оьшу, башха кхиийна эсий-м! Хьаьнгара 1емина шуьшинна, иштта дика 1уналла лело, аьлла, забаре хаттар а деш, вистхилира председатель.

Хьамзата эхь хета-аш, ойла а йина, жоп делира: «Тхаьшшиннан белхан план тхаьшшимма х1оттайора охашимма. Йукъ-кара Макис а, нанас а, зоотехнико а хьехамаш бора».

- Дика г1о лаьцна ашшимма колхозан. Правленис, баркалла а кхайкхош, мехалчу совг1атца декъалво шуьшиъ. Х1инца дешаран шо т1екхечи шуьшинна. Цигахь кхин а толалаш!

Ког лаьттах ца кхетара председателан оцу дешнаша пелхьуоваьккхинчу Хьамзатан, фермера ц1а вог1уш. Маржанна а боккха кхаъ хилира к1ентан хазахетарх. Эсий д1аоьцучохь хилла къамелаш Хьамзат дийцина ваьлча, йела а йелла, Маржана элира:

- Шуьшиъ биен а воцуш леллехь, иштта хестор дацара шун эсий а, цуьнга хьаьжжина бен хир дацара белхан сий а. Цундела дира ас шуна шен хеннахь хьехар. Х1инца г1уо хьо наг-наггахь Макица талла. Т1аьхьа, хьайна талла 1емича, и цхьаьнавоцуш а лелар ву хьо...

Д1адоладелира дешаран шо. Хьалхарчу деношкахь хьехархочунна дийцира Хьамзата «Хан тоьхначу гоьлахь» шена карийначу экъанах, цунна т1ехь долчу йозанах а, иза ша тетрада т1е схьа ма-эццара, цунна гайта а гойтуш.

Хьехархочунна а йуьйцу хезна хиллера «Хан тоьхначу гоьлан» истори, делахь а цунах билггала х1ума ца хууш, тидаме эцна ца хиллера.

- Соьлжа-г1алахь йолчу Нохч-Г1алг1айн историн, меттан, литературин 1илманца-талларан институте дахьийта деза ахь хlара тетрадь. Макшерипан дийцар а, экъа йаьллачу меттиган сурт а ма-дарра йаздина йуххе а тесна, -аьлла, т1едиллира Хьамзатана хьехархочо.

Шолг1ачу дийнахь почте заказной доккха кехат делира Хьамзата, институте дахьийта.

Иза шен метте кхаьччахьана, жоп мацца хилча а тоуьйтур долуш вара Хьамзат.

Дешаран массо де цхьацца керлачуьнца, цхьацца халонца, хазахеташ а, сингаттам хуьлуш а д1адоьдура. Х1ор 1уьйранна, барх1 сахьт долуш, школехь хила дезара. Хьамзатан самукъадолура керлачу урокех, керлачу книжканех а, шена школо 1амочу дешарх а, дуьне довзийтарх а.

Эрна ца йойура цо школехь хан. Пионерашца гуламаш беш а, шена т1е ч1аг1йинчу отрядан пенан газет арахоьцуш а, каде хьийзара, мукъа ца дохуьйтура борх1алг1ачу классан дешархочо цхьа де а.

Цуьнга терра дика хаьара, хан т1екхаьчча, сада1а а, исбаьхьаллин литература йоьшуш, кино хьожуш.

Наггахь, д1авуьжучу хенахь, дагайог1ура Хьамзатана ша эсий дажийна Хулхулон тог1еш а, чайнан хьожа йеттало токхечу цанийн аренаш, хецца ног йетташ, ламанах охьауьду шийла шовданаш...

Гуьйре д1айолуш, шелйала йолайелира. Г1ора а дина, когаш к1ел дека доладелира латта. Дукха ца 1аш, доккха ло диллира.

Борх1алг1ачу классан дешархоша, каникулаш йуьйлайелча, «Чермойн лам т1е» жа1уй болчу хьошалг1а баха сацам бира. Цигахь жа кхобуш ферма йара колхозан. 1уйшна йеша йахьа книжканаш а, журналаш а гулдан долийра. Самодеятельни коллективо кечйан йолийра шен концертни программа.

Походе бахка лууш хьаьвзира 5-чуй, 7-чуй классашкара дешархой а.

Делахь а, некъ муха хир бу ца хууш, аьрхо дара массеран а лаам кхочушбан. Ворх1алг1ачу классан дешархошна бен бакъо ца йелира походехь дакъа лаца.

Лахарчу классашкарчу берашна кхин г1уллакхаш дара садо1учу ханна билгалдина: охьанехьа салазаш хоьхкучийн къастамбар, шашканех, шахматех ловзучаралахь толамхой билгалбахар а. Д1абахьа безаш бара дешархойшлахь цхьацца къовсамаш, экскурсеш а.

Т1екхечира походе боьлху де. Хьамзата, шен накъостийн лаам кхочушбеш, шайца дига Барза а кечдинера.

Жа1уйн меттамотт болчу гонд1ашкахула пхьагалш хуьлу бохуш, хезнера берашна.

Походе кечлучу муьрехь мукъа бацара дешархой. Массарна а лаьара, колхозан 1уйша баркалла эрриг, поход вовшахкхетийла.

Коьртачунна, каникулаш йуьйлалуш, кечам бина бевлира дешархой, тоьъарг книжканаш, журналаш гулдина, самукъадаьндоллучу кепара концертни программа а нисйина. Дика г1о лецира, команда вовшахтухуш, комсомолан райкоман белхахоша а. Спортивни йайн бедар а, пондарна оьшу цхьацца х1уманаш а гулйелира церан г1оьнца.

Билгалдинчу дийнахь, хьехархоша походан маршрут а х1оттийна, командина хьалха вала школан пионерийн вожати волу Салман а хаьржина, новкъабевлира дешархой.

Кестта Хулхуло ламанах схьакъаьстина, охьадог1учу боьра кхечира кегийрхой. Кхузахь, команда к1еззигчу ханна саца а йина, къамел дира Салмана: «Лам шен амал йолуш бу, мичча хенахь а, к1ентий! Къаьсттина буьрса хуьлу цуьнан хьелаш 1ай. Вай низам долуш хила деза, муьлхха а киртиг т1ех1оттарх, цхьа а воха ца вухуш, цхьаьний вовшашна г1о дан кийча а долуш. Цунах кхетий шу?»

- Кхета!

- Иза дика хета суна. Делахь, дуьйлало вай? - аьлла, берашна хьалхавелира Салман.

Ахках а йаьлла, деттачу лайлахула, бай-йн т1ехула дахкаран к1ур а хьийзаш лаьттачу ломан ирхонах нийсачу маг1арехь, хьалайолайелира команда.

Массо а дог-ойла айайелла вара йуьхьарлонна некъ кхочушбан.

Хьамзат, Барза йуххе а лаьцна, Салманна т1аьхьах1оьттина воьдура. Цунна т1аьхьа Саь1ид вара.

Къамелаш дойла йацара накъостийн, некъ беха а, хала а хир болуш бара. Саь1ид цкъа-м хилира Хьамзате вист:

- Д1а а хеций, шен лаамехь даийтахьа Барза! - аьлла.

- Х1ан-х1а! Цхьанхьашха д1аг1ур ду, шена лар ма туосайелли! Вай кхочучу д1акхаьчча довллалц, иштта йуххехь бакъахьа ду, - элира Хьамзата, саца а сецна.

Морсачу лайно, сиха бохучу когаш к1ел аталуш, ирачу цергаш йуккъехь шекаро санна, г1арж дора.

Йол-йолуш ламанан даккъашка йелира к1ентийн тоба. Х1инца беш болу некъ охьанехьий, ирхнехьий, г1ожмаш т1е а тийжаш, бан дезара церан. Цу т1е, дохк а дара т1ете1аш.

Хьалхавоьдучу Салмана, сих-сиха компас т1е а хьожуш, некъана талламбора.

Кхо сахьт дара, лам т1е бевллачул т1аьхьа цара некъ бо. Х1етте а, адам дехаш меттиг ца 1оттайеллера х1инца а.

Дикка некъ бинчул т1аьхьа, берд болчу цхьана ломан йисте кхечира уьш. Салман, карта охьа а диллина, шаьш кхаьчнарг х1ун меттиг йу къасто вуьйлира. Цунна гуобеш, т1ех1иттира кхиболу некъахой а.

Салман вист ца хуьлуш, ши-кхо минот д1айелира. Команда некъах тиллачух тера дара. Делахь а, цхьа а воьхна вацара. Цхьаммо ца бохура: «Йухахьабаьлла некъ бу». Мелхо а, буьрсачу ломо самукъадаьккхина къамелаш дара берийн деш.

Салмана, карти т1ера хьала а таь1на, хаам бира команде:

- Вай жимма некъах тилла, амма дукха нацкъар ца девлла. Х1ара вай т1енисделларг «Чермойн ломан» къилбехьара, «Зуьрха» боьдучу некъан йистера

берд бу. Кхунна хаъал аьрру агіор а таь1аш, х1окху дукъах хьаладовла деза вай. Кхузара дукха генабоцуш бу, суна хетарехь, «Горгачу ирзе» боьду некъ а. Оцу новкъа девлча, вай 1уйшна т1е кхаьчний а ду. Же, к1ентий, 1ачохь дац г1уллакх! Х1инца дохк а йу ийалуш, дарц дала доллий-те, моьтту суна, вайна оьшуш санна!

Сихха г1аьттина, хьалха а ваьлла, хьалаволавелира Салман.

Некъ йуха а бан йуьхьарлецира некъахоша. Лакхенга мел г1оьрти а мох, дайн хlо а детталуш, сиха хьекха белира. Стигал, йукъ-йукъа бода а х1уьттуш, кхуола йуьйлира. Дукха ца 1аш, лайн чимаш хьийзо дуьйладелира лам т1ехула. Некъахошна х1инца ницкъбора ломан даккъашца уьдучу механ тулг1енаша. Массо а тасавелла, хала воьдура царна дуьхьал а, пурх а.

Делахь а, и хала некъ беха бан ца дийзира церан. Кестта Салман, Хьамзат а нийсачу некъа т1е кхечира.

Цигахь накъостий вовшах а кхетийтина, Салмана йуха а талламбира шаьш т1ех1иттинчу некъана. Команда бакъахьарчу некъа т1е йаьлла хиллера.

- Карти т1ехь ас билгалйина меттигаш йу х1инца вайна дуьхьалх1уьттурш. Х1инца гена даха ца деза вайн. Жимма тохаделчахьана, д1акхочур ду! - элира Салмана, накъостий иракарах1иттош. Некъахойн йаххьаш йекхайелира оцу хаамах. К1адбалар д1а а дайна, болар чехкаделира.

Шерачу ломан буьххьехь, махо т1аьхьашха д1а а туьттуш, ло а доцуш, атта бора некъ. Накъостех ца хедара т1аьхьависнарг

Салман даима хьалхаваьлла вог1ура. Ц1аьххьашха сецира иза. Цуьнца сацавелира цунна т1аьххье вог1у Хьамзат а.

- Ладог1ахьа! - элира Салмана. Механ чехкалла лаг1 мел йели а, ломан кийра бегалуш, тамашена татанаш хезара йуххехь. Кхиболу накъостий а севцира цаьршинна гонд1а. Массо а, лерг диллина, сема б1аьрг кхерстуо велира цкъа 1аржлуш, йуха серлайуьйлуш, лаьмнийн кортошца д1аоьхучу дарцан тулг1ешка. Дукха ца 1аш, цхьа колл уьстаг1ий девлира гучу. Походан командин некъ а хадош, т1ехлилхира уьш. - Цхьаъ-м ду хlара! -цецвелира Салман. - Берзалой йу-те царна т1аьхьайевлла?

- Чехкачу махо женах а хадийна тиладелла доьлху. Цхьана к1аг чу нислахь, дарцо х1аллакдийр ду-кх уьш. Совцаде вай! - элира Хьамзата, Салманна хьалха а волуш.

Цхьана минотехь, гуотесна, уьстаг1ашна хьалхалилхира кегийрхой. Уьш йухадерзийна бовлуш, царна т1аьххье уьстаг1ийн кхин ж1уга а йелира гучу. Уьш а совцийра кегийрхоша.

Дукха хан йалале царна т1аьхьакхиира, йерриг йуьхь-марш шано д1алаьцна, жа1у

Царна т1аьхьаидда, са а хаьдда, мохь биттина, йиш а хаьлла, г1елвелла вара иза. Цо дийцира кегийрхошна шена хилларг:

- 1уьйранна, йекхна йолуш, дажо маьлхан баса даьхнера ас х1орш. Делкъал т1аьххьа мох, дарц а даьлла, цамоьттинарг хили-кх. Со х1орш ферме Дига г1ертара, ткъа кхара, маха дуьхьал а дирзина, аьлларг ца дора суна. Х1инца аш г1о ца дахь, дарцо дойур ду-кх сан х1орш. Х1окху къематехула стенга даха девлла шу?

- Тхо ца девза хьуна, Гуьрса? - аьлла, 1уьнна т1е волавелира Хьамзат.

- Ой, Хьамзат, хьо вац х1ара? - цецвелира Гуьрса.
- Ву дера-кх! Соьца берш а бу вайн колхозера. Шу долчу дог1уш дара тхо-м. Х1инца, хьо хьалха а валий, некъ а гойтуш, д1аволало! Оха уьстаг1ий т1аьхьадалор ду хьуна, - элира Хьамзата Гуьрсега.

Накъостий резахилира Хьамзата аьллачунна.

- Шу т1е ца 1иттаделлехь, ас х1ун дийр дара кхарна! Ма г1уллакх до аш суна. Соьга-м догдиллийтинера шуна кхара. Билггал дойур дара сан х1орш, тховса т1аьхьадиснехь. Т1е, со дийна вуьсий а ца хаьара. Жоьланаш-м гена йац тхан! Дуьло х1ета! - аьлла, хьалхавелира Гуьрса.

Кхин некъан хьовзам ца хуьлуш, маьрк1аж-бода къовлалуш, жоьланашка кхечира уьш. Жа шен жоьли чу а дерзийна, Гуьрсица 1уйн х1усамашка баьхкира кегийрхой.

Гуьрса лаха бахана цхьаболу 1уй х1инца а ц1а берзаза бара. Уьш а, дукха ца хьелуш, кхеран лорах ц1а баьхкира. Хьешашна дика кхача а х1оттийна, са а да1ийтина, цхьана х1усаме гулбелира колхозан жалелорхой а, церан доьзалш а. Массарна а лаьара керлачуьнга ладог1а а, самукъадаккха а.

Дикка хаттарш а, къамелаш а хиллачул т1аьхьа, Салмана хаам бира: «Х1инца нохчийн а, г1алг1айн а, иштта кхечу къаьмнийн а эшарш а локхуш, хелхарш а деш, концерт х1оттайо шуна хьешаша!»

Ч1ог1а синкъераме д1айахара концерт.

1уйша а ца дитира шайна т1ехь хьешийн декхар. Даьхнилелорхошлахь хиллера дика хелхарчаш, пондарчаш а, иллиалархой а...

Арахь х1инца а хьоькхуш дарцций, моххий бара. Чохьболчара тергал а ца дора уьш. Буьйса йуккъе йоьдуш бен д1а ца буьйхира синкъерам.

Шолг1а де декхна а, хаза а деара. «Горга ирзо», гонд1а нилха, кегий а акхарой йуккъе лечкъаш, хьуьнан кондарш а йолуш, талла бег1ийлачу меттехь хиллера. Х1ор куллах бохург санна, карайора кхузахь акха котамаш а, пхьагалш а.

Цхьана хенахь толлуш лелла хиллера Гуьрси а. Кегийрхошца эр ма-гиннехь, диеза г1уллакх карладелира цунна.

- К1ентий, эр дац шуьца? - цецваьлла, хаттар дира цо Хьамзате. -Даьдаларг йа1, ма г1уллакх хир дара, вай талла дахча - т1е а тухуш.

- Мегар ду иза-м! - элира, дика са а даь1на, резаболчу кегийрхоша.

Гуьрса хьалха а ваьлла, цхьана хотешла охьабевлира уьш. Цунна

йистехь саца а сецна, Гуьрсас хьехар дира, мила мичхьа д1ах1отта веза, хьан х1ун дан деза, дуьйцуш.

Таллар д1адоладелира.

Кегийрхой, хоти чохь бекъа а белла, вовшашца къийсалуш, маьхьарий детта бевлира, к1елхаа ваханчу Гуьрсиний, Салманний т1е экха къеххкош.

Цаьршинна генавоццуш Барзица Хьамзат к1елхиира. Хоти чуьра дагахь а ца хилла ши цхьогал иккхира ара. Салманна йуххехула чекхдолуш доллура и шиъ. Хьалхадог1учу, тоьллачу цхьогална топ хьажийра Салмана. Г1еххьа боларна лаг1делира иза. Делахь а охьа ца дужуш, таллархочун топ кхин йалале, коьллаш йукъа дирзира иза. Хьамзата, хьем ца беш, Барза хийцира цунна т1аьхьа. Мекарниг гена ца далийтира эро. Хьакхийна, лерга йуххера а лаьцна, сацийра цо цхьогал. Шолг1аниг Гуьрсас а ца далийтира гена...

Шайн хиллачу аьттонах цуьнан ч1ог1а самукъадаьллера. «Иштта хуьлу, дика таллархой вовшаххкхетча! Вай кхин а гойтур ду тахана ваьшкара хьуьнарш!» - бохуш, дозаллаш дора цо кегийчу таллархошна хьалха.

Гуьрсин хазахетарх воккхавеш, Хьамзата хаттар дира цуьнга:

- Ткъа, вайн эр муха хета хьуна, воккха стаг?

- Дика хета. И доцург, х1ара гаур схьалаца ларор а дацара. Тоьпо башха х1ума дина а ца хилла кхунна. Дика к1ант, эр иштта дика 1амийна, хьо а ву! Зиен ца дов доггах хьегна къа а. Хаалаш и, бераш!..

Талла лелачохь дацара Хьамзатан г1уллакх. Дешаран шо чекхдолуш лаьттара. «К1ирандийнахь мукъане а ваг1ахьара хьо», - олий, хьовзавора иза накъосташа.

- Х1ан-х1а! Дош хир дац цуьнах! Барза дерстина, талла дог дог1учохь дац иза х1инца. Гурахь цхьаъ дийр ду вай! - т1е ца товра к1ант.

Дуьззинчу дешаран шарахь 1амийнарг карладоккхуш, мукъа вацара Хьамзат. Цхьа а тема йацара программаш т1ехь, иза ца кхеташ. Массо а четвертехь а, дика хууш, чекхваьллера х1ара. Делахь а, экзаменашна дагахьбаллам цахирриг кечвала лаьара дешархочунна.

Тахана а, х1инццалц санна, хьалххе школе ваха аравелира иза. Ша карладаьккхинарг школан гайтаман пособиш т1ехь х1ор а дийнахь ч1аг1деш 1едал дара цуьнан.

Къегина малх а хьаьжна, самукъане йара б1аьстенан 1уьйре. Де а дара декхна, хаза хир долуш. Цхьана минотана деган хьагам хилира Хьамзатан, шен хьомечу

Хулхулон тог1ешка б1аьргтоха: «Ма исбаьхьа хир йу уьш х1инца, сенйала а йоьлла, бес-бесара зезагаш лепаш малхехь!» - аьлла.

Школе боьрзучу некъа т1е иза кхочуш, хьалхашхула, боккхачу новкъа лаг1йелла-а машен йелира т1ех, цкъа а цунна ца гина нах а т1ехь. Коча тийсина турмалш а, фотоаппараташ а гира Хьамзатана цаьргахь. «Къоьзан-1ома т1е сакъера боьлхуш хила мега уьш? - бохург дагадеара цунна. Йуха, к1иранде гергахь цахиларан ойла а йина, школа йолчухьа д1аволавелира.

Шолг1а урок чекх а йаьлла, перемене араволуш, дежурнис хаам бира Хьамзате: «Директоро кхойкху хьоьга!» - аьлла.

«Х1ун хилла-те, стенна кхойкху-те соьга?» - ша-шега а хоьттуш, г1еххьа воьхна-а, не1арх п1елг а тоьхна, директоран кабинета чоьхьавелира Хьамзат.

Хаза кечйинчу кабинет чохь директор а, цуьнца кхин цхьа хийра стаг а вара.

- Х1ара ву-кх тхан Хьамзат! - элира кхунна цавевзаче директора.

Хьамзата, маршалла а хоттуш, корта та1ийра и волчу аг1ор. «Цхьанхьа

суна ган-м гина, кхуьнах тера къежйелла маж а йолуш, б1аьргех куьзганаш дохку стаг! Мичахь дара иза? Х1ан! 1уьйранна новкъахь!..» Шена дуьхьалкхетта машен дагайеара Хьамзатана.

- Охьахаал, Хьамзат! Леррина Соьлжа-Г1алара дуьйна хьоьца г1уллакх долуш веана 1абдулхьамид, - элира директоро.

Хьамзат, эхь хеташ, озавелла-а, шена йуххерчу г1анта охьалахвелира.

Хьешо шен кехатех йуьззина йолу папка схьа а йиллина, цу чуьра цхьа кехаташ кара а эцна, Хьамзатехьа а вирзина, к1еда-мерза хаттар дира:

- Ахь даийтирий тхоьга экъан т1ера схьаэцна йоза дохьуш кехат?» -аьлла.

- Даийтира! - элира Хьамзата, ладоьг1на-а. «Хан тоьхна гола» дага а йеана.

- Оха институтехь таллам беш ду и йоза. Макшерипан дийцарца доза доллуш, цхьана адамашна кхерам туьйсуш, йаздина а ду цуьнан цхьадолу дешнаш. Схьахетарехь, нохчийн ширачу тайпанашха наха йаздина куц х1уьтту иза. Ткъа цуьнан йаздар гуьржийн меттан йозанца ду. Иза ч1ог1а мехала керла х1ума ду историкашна. Цо гойту, вайн къоман кхолладалар генахула леха дезаш цахилар, вай 1аьрбех схьадевлла бохург цахуучара даржийна хетало. Оцу йозанан таллам кхачо йоллуш чекхбаккха оьшуш долчунна т1аьхьакхиархьама, и экъа ган 1алашо йолуш даьхкина тхо. Хьамзат тхоьца цига ца веача вер вац хьо.

- Урокашна х1ун дан деза ас? - аьлла, дика шовкъ йоцу-уш, жоп делира Хьамзата.

- Тахана йукъахйуьсурш-м к1езиг урокаш йара хьан. Ткъа кхана хьо хьала а, охьа а школехь хир ву! - шайца вар т1едожийра Хьамзатана Соьлжа-Г1аларчу хьешо.

- Вог1ур ву-кх, т1аккха! Цхьаъ санна, тоьлла дешархо а, башха комсомолец а ву Хьамзат! - аьлла, цига ваха к1ант везийла хоуьйтуш, вистхилира директор а.

Классехь йоккха г1овг1а йелира, Хьамзата ша 1илманан нах эцна «Хан тоьхначу гоьл т1е» воьду аьлча. Хьанна луур дацара оцу тайпанчу хьешашна г1уллакх дан...

Де г1еххьа дохделлера, лома йуххе а кхаьчна, уьш машенара охьабуьссуш.

- Хьуьлларчу гоьлах йу-кх и экъа! Хала-м ду цунна т1е кхача! - элира Хьамзата хьешашка.

Кхочур дара вай цунна т1е-м! - аьлла, дешархочунна жоп а луш, б1аьргех дохку куьзганаш а тодина, ломах хьала б1аьрг туьйхира 1абдулхьамида. Ирхоне кхаьчча, Хьамзат хьалхавелира. Сих-сиха йуха а хьожуш, хьешашна ког соцу болу киртиг а гойтуш, хьалаоьхура к1ант. Цунна тача девзаш хиларна, хьем-хьовзам ца хуьлуш, гоьле д1акхечира уьш.

- Х1ара йу-кх и экъа! - аьлла, тасавелла, цунна т1е а ваьлла, корсам т1ера охьа а тесна, йоза гучудаьккхира Хьамзата. - Хьуьллахь, х1инцца г1а дала тохаделла, лекха поп гой шуна? Иза дуьххьара талла 1емаш, Барзас экхийна салор т1е даьккхина поп бу шуна.

- Хьенан ду и Барза? - цецваьлла-а, хаттар дира 1абдулхьамида дешархочуьнга.

Хьамзат, цкъа эхь хетта, ц1ийвелира, йуккъехула ша Барза хьахадарна, йуха а вистхилира:

- Сан дара иза-м. Х1инца дика толлуш эр хилла цуьнах. Ас вай ц1а кхаьчча, лаахь, гойтур ду шуна иза-м.

- Мегар ду! Мегар ду! - элира 1абдулхьамида, шена гонд1ашха б1аьрг а кхарстош.

- Цхьана хенахь чарташна т1улгаш дохуш меттиг хилла, куц ду, х1ара,- аьлла, куьг хьажийра цо лакххахь а, лахахь а басешца 1охкучу экъанийн терхешка.

- Стенах хаьа хьуна? - аьлла, хаттар дира цуьнга шина накъосто.

- Х1окху терхешка хьаьжча, хаьа-кх. Цхьатерра, шера хир йара басе, маь1-маь1нера экъанаш кхузара йаьхна ца хилча, схьахетарехь.

- Кесталг1а йаьхна аьлла хетий хьуна уьш?

- Ца хета! Х1ара шех истанг хилла корсам ца го шуьшинна?

- Цу т1ехь бакълоь хьо, - элира, корсаме а хьаьжна, хьешех цхьамма.

- Х1инца экъан т1е волуш суна г1о дел шиммо а! Т1аьххье хьала шаьшшиъ а вала, бег1ийла йол-йолчуьра, ас санна, экъа а лоцуш.

Синтембоцу 1илманча санна, леррина таллам бан вуьйлира 1абдулхьамид экъанан. Цхьа а сиз ца дуьтура цо накъосташна ца гойтуш. Шера, олла а йелла лаьттачу экъанна т1ехь шаршарна кхерам боллушехь, цхьанхьа волуш, вукхузхьа волуш, йух-йуха хьоьжура иза куьзганчухула йозанан элпашка а, хьаьркашка а,

Хьамзате а йелира 1абдулхьамида турмал, меттигашка б1аьргтоха. Йевза меттигаш, дуьххьара гуш санна, хазахеташ, хьоьжура иза турмала. Хьалха схьайеана, шерра гуш йара, лайн чопа санна, стоьмийн дитташа заза а даькххина, хаза лаьтта хьоме йурт. Кхин а йара цунна гонд1а йарташ. Йуьртана гонд1ашха

х1инцца сенйелла йог1учу арахь дежаш даьхний а гора. Хьалакхоьссина куй льаьтта бужур бацара церан дукхалла...

«Ма хьал долуш ду тхо, ма хаза йу тхан йурт!» - бохуш, куралла лелхара Хьамзатан даг чу, цаьрга хьоьжуш лаьттачохь. Иштта ойлане вахана иза воллуш, 1абдулхьамида шен ц1е йоккхуш хезира цунна.

- Охьадиссий вай, Хьамзат?

- Девлин вай?

- Девли! Эрна даьхкина а ца хилла. Экъа йазйина терахь а, иштта кхин билгалонаш а йевли гучу. Цара къастор йу хьан йурт кхоллайелла зама а ...

Буьйса Хьамзатаг1аьргахь йаьккхира хьешаша. Йоккхайеш, шен ма-хуьллу дика кхаба г1ертара Маржан шен к1ентан хьеший. Барза а гира царна. З1енах а даьлла, шен дена т1екхача г1ерташ, чукхиссалора иза...

1уьйранна Макшерипах кхета дийзира хьешийн. «Хан тоьхначу гоьлах» лаьцна цуьнга дан дезаш цхьацца хаттарш кхолладелира церан. 1абдулхьамида, ненаца къамел деш, т1аьхьа а сецна, элира:

- Дика к1ант кхиийна ахь, Маржан. Ч1ог1а хазахета тхуна, Хьамзат доллучух кхета, кхиа г1ерташ хилар. Ша иштта хиларна бахьанехь, вайн къоман истори хаарна, ч1ог1а г1о хир долуш г1уллакх дина цо, и экъа йуйла тхьога хаийтина... Муьлха дешар ду Хьамзата, барх1 класс чекхйаьккхича, деша дагалоьцуш?

- Бежнийн лоьран дешар ду-кх! Бежнийн лор хилаза 1ийр вац ша, боху-кх Хьамзата! Колхозан правленис а бина иза цкъачунна зооветтехникуме деша вахийта сацам.

- Дика историк а-м хир вара цунах...